# <u>आकाशवाणी, गोरखपुर</u>

## दिनांक–23 फरवरी 2025 भोजपुरी समाचार

आकाशवाणी से आजु मन की बात कार्यक्रम में प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलें कि भारत क लोगि नया प्रौद्योगिकी के अपनवले में केहू से पाछे नाहीं बाटें। उहां के कहलीं कि ऑर्टिफिसियल इंटेलिजेंस के क्षेत्र में दुनिया भारत के प्रगति क तारीफ कइ रहलि हउवे। प्रधानमंत्री कहलें कि नौजवानन के भागीदारी से अंतरिक्ष अउर ऑर्टिफिसियल इंटेलिजेंस जइसन क्षेत्रन में नया क्रांति आ रहल हवे। उहां के येह बाति पर गर्व जतवलीं कि देस पछिला महिन्ना इसरो के जरिये आपन सउवां रॉकेट छोड़लस।

श्री मोदी आठ मार्च के अन्तर्राष्ट्रीय महिला दिवस मनवलहू क चरचा कइलें। उहां के कहलीं कि ई नारी सक्ति के नमन कइले क खास मौका हउवे। उहां के कहलीं कि येह बेरि महिला दिवस पर ऊ एगो अइसन पहल करे जा रहल हउवें जवन हमहन के नारी सक्ति के समरपित होई।

***इस बार महिला दिवस पर मैं एक ऐसी पहल करने जा रहा हूँ, जो हमारी नारी–शक्ति को समर्पित होगी। मैं अपने social media account उनको देश की कुछ inspiring women को, एक दिन के लिए सौंपने जा रहा हूँ। 8 मार्च को, वो, अपने कार्य और अनुभवों को देशवासियों के साथ साझा करेंगी।***

प्रधानमंत्री मोटापा के समस्यो पर चरचा कइलें। उहां के कहलीं कि आजु हर आठ में से एगो मनई मोटापा से परसान बाटे। श्री मोदी कहलें कि लोगि अपने खइले–पियले के आदति में कुछु बदलाव कइ के फिट रहि सके लें।

***अधिक वजन या मोटापा कई तरह की परेशानियों को, बीमारियों को भी जन्म देता है। हम सब मिलकर छोटे–छोटे प्रयासों से इस चुनौती से निपट सकते हैं, जैसे एक तरीका मैंने सुझाया था, "खाने के तेल में दस पर्सेन्ट (10:) की कमी करना"।***

प्रधानमंत्री बोर्ड के इंतिहान दे रहल लइकन के सुभकामनों दिहलें।

***मैं अपने युवा–साथियों यानि Exam Warriors को उनकी परीक्षाओं के लिए बहुत–बहुत शुभकामनाएं देता हूं। आप बिना कोई stress लिए पूरी Positive Spirit के साथ अपने papers दीजिए।***

**********

आगरा में आजु आयोजित भइल यूनिकॉर्न कम्पनीज के कॉन्क्लेव के सम्बोधित करत मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि प्रदेस क नौजवान नोकरी देवे वाला बनले पर फोकस करें। श्री योगी कहलें कि पहिले अपने प्रदेस में मौकवे नाहीं रहे बाकिर प्रतियोगी विद्यार्थी लोगि आइडिया पर काम कइले हवें। जवन पहिल टेक्नोलॉजी में आगे रहलें, ऊ स्टार्ट–अप्स में आगे हउवें। उहां के कहलीं कि प्रदेस के वन ट्रिलियन डॉलर इकोनॉमी वाला राज्य बनवले क कोसिस चलि रहल हउवे। स्टार्ट–अप्स के संस्कृति के प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी नया आयाम दिहले हवें।

***उत्तर प्रदेश ने जो कदम उठाये है आदरणीय प्रधानमंत्री जी के निर्देशण में चौदह हजार से अधिक स्टार्टअप्स अकेले यूपी मे है और इनमें से लगभग सात हजार ऐसे है जिनको केवल महिलाए लिड कर रही है अलग अलग क्षेत्र में और मेरा मानना ये है कि ये केवल फिन्टेक में ही नही जीवन के अलग अलग फिल्ड में इन्होने कुछ नया करके दिखाया है।***

**********

महाकुंभ में सरधालुअन के ढेरि संख्या में पहुंचले क सिलसिला जारी बाटे। आजु उत्तराखण्ड क राज्यपाल लेफ्टिनेंट जनरल गुरमीत सिंह, ओडिशा क मुख्यमंत्री मोहन चरण मांझी, भाजपा नेता संबित पात्रा अउर सूफी गायक कैलाश खेर संगम में डुबकी लगवलें। उत्तराखण्ड क राज्यपाल कुंभ के बढ़ियां इंतिजाम क तारीफ करत कहलें कि एके सब्द में नाहीं बतावल जा सके ला, एहके खाली महसूस कइल जा सके ला।

**********

विदेश मंत्री एस जयशंकर आजु बनारस के काशी हिन्दू विश्वविद्यालय में दुनिया के पैंतालीस देसन के राजदूतन के सथहीं काशी–तमिल संगमम् के मेहमान लोगिन से बातचीत कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि भारत, दुनिया के सह अस्तित्व अउर सामंजस्य क राहि देखावे ला। उहां के कहलीं कि काशी पूरा भारत खातिर सांस्कृतिक चुम्बक हउवे जेकरे साथे देस क सज्जो हिस्सा क लोगि गहराई से जुड़ि जालें। विदेस मंत्री कहलें कि तमिलनाडु के लोगिन क काशी से बिसेस लगाव हउवे। उहां के राजदूत लोगिन के साथे बतियावत कहलीं कि काशी–तमिल संगमम् विविधिता में एकता के उत्सव क एगो आदर्स उदाहरण प्रस्तुत करे ला।

**********

उत्तर प्रदेश माध्यमिक शिक्षा परिषद–यूपी बोर्ड के दरजा दस अउर बारह क बोर्ड इंतिहान बिहने से सुरू हो रहल बाटे। बारह मार्च दुइ हजार पचीस ले हाईस्कूल अउर बीस मार्च दुइ हजार पचीस ले इण्टरमीडिएट के होखे वाले इंतिहान के नकलविहीन करावे बदे कड़ेर इंतिजाम कइल गइल हवे। येह सालि बोर्ड इंतिहान में कुलि चउवन लाख बत्तीस हजार पांच सौ ओन्नइस विद्यार्थी पंजीकरण करवले हवें।

**********

भगवान बुद्ध के महापरिनिर्वाण स्थली कुशीनगर में दुइ दिन ले चले वाले अन्तर्राष्ट्रीय थाई महोत्सव क आजु से सुरूआति हो गइल। येह मौका पर बौद्ध भिक्षु लोगि भारत अउर थाईलैण्ड के सुखहाली, विकास अउर विस्वसान्ति क कामना कइलें अउर सोभायात्रो निकरलें।

**********